

Ale Kay Doktè Ou Regilyèman

KISA DOKTÈ OU A TA DWE FÈ?

Doktè ou a ka ede ou diminye risk pou pwoblèm sante yo. Kontakte doktè ou a pou yon vizit nan biwo oswa yon vizit tele-sante omwen chak sis(6) mwa, oswa pi souvan, jan sa nesèsè.

DOKTÈ OU AP EDE:

- Jere A1C ou a, tansyon ak kolestewòl:
 - **A1C:** Objektif la se anjeneral alantou 7, oswa yon nimewo doktè ou a ba ou.
 - **Tansyon:** Objektif la anjeneral mwens pase 140/90.
 - **Kolestewòl:** Objektif la se yon nivo kolestewòl LDL ki ba.
- Fè tèspipi pou gade pou wè si pa gen maladi ren.
- Fè yon egzamen pye pou verifye chanjman nan sansasyon yo ak si genyen maleng.
- Fè yo egzaminen zye ou yon fwa chak ane.
- Pran vaksen kont grip ak nemoni.



DE KISA OU TA DWE PALE AK DOKTÈ OU A?

Nan nenpòt vizit doktè, ou ka poze kèk nan kesyon sa yo:



Èske mwen ta dwe tcheke sik nan san mwen lakay mwen?

Sa ka ede ou aprann kijan pou atenn objektif ou yo.



Kisa mwen ta dwe fè si mwen bliye pran medikaman mwen an?

Sa a enpòtan paske sa konn rive pou bliye pran medikaman. Doktè ou ka pa vle ou rete tann pwochen dòz ou an.



Kisa mwen ka fè pou pwoblèm seksyèl yo?

Sa yo ka gen rapò ak dyabèt ou an.



Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen pwoblèm ak medikaman mwen an?

Si ou gen pwoblèm avèk oswa enkyetid sou medikaman ou yo, ou enkyè konsènan efè segondè yo, ou bliye pran yo oswa yo twò chè, doktè ou a ka gen yon solisyon.



Ki lòt bagay mwen ka fè pou mwen diminye chans pou pwoblèm sante tankou maladi kè ak stwok?

Moun ki gen dyabèt gen yon pi gwo risk pou pwoblèm sa yo.